



Pale Avèk Doktè w epi Ekip Swen Kansè w lan

Talking with Your Doctor – Haitian Creole

Chak moun ki gen kansè pral gen yon ekip moun ki fòme pou ede li fè fas ak maladi an epi tretman yo. Jwenn posibilité pou gen bon konvèsasyon ak ekip swen kansè an se yon pati enpòtan nan resevwa swen ki meyè pou ou yo.

Ekip swen kansè w lan ka gen ladan doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante, tankou enfimyè pratiksyèn (NPs), asistan doktè (PAs), famasyen, travayè sosyal, enfimyè klinik oswa chimyoterapi, teknisyen, asistan medikal, dyetetisyen, ak entèvenan pivo. Yo chak pral ede nan diferan fason, epi si w poze yon kesyon ke yo pa ka reponn, y ap konnen ki moun ki ka ede w.

Nan ki nivo mwen bezwen konnen?

Gen kèk moun ki vle konnen anpil sou kansè yo. Lè yo konnen tout detay yo, sa ka ede yo santi yo gen plis kontwòl.

Gen lòt moun ki pa vle yo di yo twòp bagay yon sèl kou e ka santi yo twò konble ak detay. Gen kèk moun ki ta prefere yo kite pifò desizyon yo bay doktè yo. Di ekip swen kansè w lan kisa ou prefere.

Poze kesyon.

Ou menm ak ekip swen kansè w lan pral travay ansanm pou chwazi swen ak tretman k ap pi bon pou ou yo. Aprann sou kansè w ak sou kijan li kapab trete ka ede w nan pran desizyon sa yo avèk doktè w.

Pa pè poze kesyon. Gen kèk doktè k ap tann ou poze kesyon, men ou ka pa konnen ki sa pou mande. Sa ka ede pou w ekri kesyon w yo lè w panse ak yo epi mache ak lis lan lè w prale nan randevou yo.

Men kèk kesyon anpil moun genyen sou kansè:

- Ki tip kansè mwen genyen?

- Ki gwosè kansè mwen an? Ki kote l ye? Èske li pwopaje nan lòt pati nan kò m?
- Èske m ap bezwen yon byopsi oswa lòt tès?
- Ki tretman ou sijere? Èske gen lòt tretman ki ta ka ede m?
- Ki kote mwen pral resevwa tretman mwen yo?
- Ki medikaman yo pral ban mwen? Pou kisa y ap bon?
- Ki risk ak efè segondè chak tretman genyen?
- Èske m ap kapab travay oswa ale lekòl pandan tretman an?
- Èske gen nenpòt efè segondè oswa siy ke mwen pa konn abitye genyen ke mwen dwe enfòme w kounye a?
- Kisa ki ka fèt pou efè segondè yo?
- Ki pi bon moman pou rele si mwen gen yon kesyon oswa pwoblèm? Nan konbyen tan mwen ka atann pou yo retounen rele m?
- Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen yon pwoblèm grav lè kabinè nou yo fèmen?
- Èske mwen ta dwe jwenn yon dezyèm opinyon? Nan men kiyès?

Ekip swen kansè w lan ta dwe vle konnen kesyon ak enkyetid ou yo. Si ou pa jwenn repons ou bezwen yo, fè yo konnen.

Konsèy pou w sonje sa ekip swen kansè a di w

Li ka difisil pou w sonje sa yo di w nan chak vizit. Sa ka ede si ou vini ak menm moun lan chak fwa. Y ap ka raple w kesyon w vle poze yo epi ede w sonje sa yo te di.

Asire w ke ou menm oswa moun ki avèk ou an ekri sa ou aprann nan randevou w yo. Si w vle, mande doktè w oswa lòt manm ekip swen kansè an si yo DAKÒ pou anrejistre vizit ou an.

Si ou bezwen plis detay, di sa. Pafwa, manm ekip swen kansè yo itilize mo ki difisil pou konprann. Si w pa konprann yon bagay, mande pou yo eksplike li. Sa ka itil pou mande foto, materyèl enprime, sit entènèt oswa lyen vidyeo, oswa lòt bagay ou ka gade lè w rive lakay ou.

Lè w resevwa enstriksyon, ekri yo. Asire w ke w konprann yo anvan vizit ou an fini. Epi, swiv yo kòmsadwa. Ou kapab rele ekip swen kansè a si ou gen plis kesyon apresa.

Jwenn bon pwofesyonèl lan.

Relasyon oumenm ak doktè w enpòtan, epi chak moun gen pwòp fason pa yo pou pataje enfòmasyon. Se poutèt sa meyè doktè pou yon moun ka pa pi bon chwa pou yon lòt moun. Gen kèk moun ki vle yon doktè ki pataje enfòmasyon yo nan yon fason pwofesyonèl. Yo pa atann

yo pou doktè a vin zanmi yo. Gen lòt moun ki vle yon doktè ke yo ka santi ki pwòch yo. Eseye detèmine sa w bezwen, epi fè doktè w konnen.

Si gen pwoblèm komunikasyon ki rive, pale ak doktè w oswa lòt manm ekip swen kansè a de yo. Rete onèt sou enkyetid ou ak sa w swete. Si ou pa satisfè de relasyon an, ou KAPAB chanje doktè. Enfòme w doktè w de desizyon w ak rezon ki fè w pran li. Mande yo ede w transfere swen w bay nouvo doktè an.

Se ekip swen kansè W.

Ekip swen kansè w ap konte sou ou pou fè pati de ekip lan. Sa vle di ale nan vizit nan kabinè yo, pran medikaman yo jan yo preskri, enfòme ekip ou an de nenpòt pwoblèm oswa enkyetid ou genyen, reponn kesyon yo, epi poze pwòp kesyon w yo.

Lè w pataje bezwen w ak sa w swete yo, ou menm ak ekip swen kansè w lan ap kapab travay ansanm pou pran meyè desizyon pou tèt ou.



Pou aprann plis, vizite sit Entènèt American Cancer Society a nan cancer.org/phm oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.



cancer.org | 1.800.227.2345

©2024, American Cancer Society, Inc.
No. HAI086105 Rev. 9/24
bbb.org/charity

